

Enstriksyon sou preparasyon Koloskopi

Preparasyon Go-Lytely estanda – Dòz separe

Dat ak lè randevou:

Lè randevou a (tanpri vini 1 èdtan an avans):

Eleman ki sou lis kontwòl la:

- Prevwa yon moun ki pou akonpanye w lakay ou aprè operasyon an**
 - Yon adilt ki responsab dwe akonpanye w lakay ou
 - Si ou pa genyen yon moun ki pou akonpanye w, yo dwe anile operasyon w lan
- Konsilte Enstriksyon sou Jesyon Medikaman yo**
 - Si ou ap pran antikowagilan, medikaman pou dyabèt oswa medikaman GLP1 pou pèdi pwa, ou ka nan obligasyon pou w sispann pran yo oswa ajiste dòz la avan operasyon an
- Ranpli yon preskripsyon pou yon preparasyon entestinal**

ENFÒMASYON ENPÒTAN

Enstriksyon ak preparasyon pou rejim “3-2-1” an:

3 jou anvan randevou ou an:

- Kòmanse yon **rejim ki fèb an fib** (konsilte lis sa yo bay la)

2 jou avan:

- Prepare laksatif “Golytely” ki disoud la epi mete li nan frijidè

1 jou avan:

- Kòmanse yon **rejim likid klè sèlman** (konsilte egzanp sa yo ki anba a)
- Konsilte **Enstriksyon sou Jesyon Medikaman yo** ankò
- @ 6 PM: **Bwè mwatye nan Preparasyon laksatif la** – 1 tas chak 10-15 minit

JOU OPERASYON an

- **Byen bonè nan maten: Bwè rès preparasyon laksatif la**
 - Ou dwe fin bwè li *omwen 2 èdtan avan* randevou ou an
- **Ou ka kontinye bwè likid ki klè jiska 2 èdtan avan randevou ou an**
- **Tanpri rive 1 èdtan anvan pwosedi w la**

Anplasman ak enfòmasyon kontak:

Moakley building 2nd floor (Suite 2200)

830 Harrison Avenue

Boston, MA 02118

pou planifikasyon randevou Andoskopi:

617-414-2600, opsyon 1

pou sant enfimyè Andoskopi yo:

617-414-2420

Medsen jeneralis lannuit/wikenn:

617-638-7243

Likid ki akseptab yo:

Dlo, soda klè, bwason pou spòtif

Ji *san ma*, Jell-O, ice pops

Kafe nwa oswa te *san lèt oswa krèm*

Bouyon klè (san grès oswa lwil)